

## Istwa Paran

### Nesans

Abby te fèt atèm, epi li te gen pwoblèm pou manje, fèb ton miskilati ak kontwòl tèt. Nan premye vizit nou nan klinik doktè fanmi nou, doktè a te dekouvi yon anòmali kwom-ozik, epi li te rekòmande nou imedyatman pou terapi fizik ak òtòfoni. Abby te amelyore anpil nan ladrès pou li fè mouvman ak nan ladrès pou li pale. Kounye a, li gen laj 16 ane, li se yon adolesan ki kontan ak aktif. Nou gen anpil rekonesans pou doktè fanmi nou pou rekòmandasyon li te ban nou bonè pou terapi fizik ak òtòfoni timoun.

*James ak Brenda A.*

### 2-3 Mwa

Jeffrey te fèt nan 42 semèn apre yon gwsès san pwoblèm. Nan twa (3) mwa, li pa t ka pouse sou bra li, epi li te gen pwoblèm pou kenbe tèt li anlè lè nou te mete li sou vant li. Nou fè pedyat nou konnen enkyetid nou, epi li te voye nou ba yon pedyat konpòtman devlopman. Kounye a, Jeffrey gen laj 10 mwa, epi menmsi li pa gen yon dyagnostik defini, li kapab pouse sou bra li pandan li sou vant, epi li kapab rete sou men ak jenou li. Nou konnen li jwenn èd li bezwen an.

*Robert ak Cindy P.*

### 4-5 Mwa

Rachel se te yon tibebe ki te fèt padèyè, epi li te gen sendwòm aspirasyon mekonnyal lè li te fèt. Lè li te gen laj kat (4) mwa, li pa t kenbe tèt li anlè, oswa li pa t itilize men li yo. Pedyat nou an te rekòmande nou nan yon pwogram Entèkansyon Bonè leta yon fason pou Rachel te ka aprann mouvman fizik pi byen. Kounye a, nan laj kat (4) ane edmi, li aprann mache, li ale nan lekòl katye nou, epi li ogmante posiblite li nèt.

*Frank ak Jenni S.*

### 6-7 Mwa

Jason, ki yon timoun prematire ki te fèt nan uit (8) mwa, te toujou difisil avèk kouch. Janm li yo te rèd, epi yo te difisil pou yo separe. Nan laj sis (6) mwa, li te kanbre dèyè kèlkeswa lè nou t ap eseye mete li chita. Nan laj uit (8) mwa, li pa t ka chita poukont li. Pedyat nou te rekòmande li nan yon pwogram Entèkansyon Bonè ki gen terapi fizik ladan. Kounye a, Jason ap aprann mache poukont li.

*Larry ak Pam R.*

### 8-9 Mwa

Matt, dezyèm marasa nou, te refize nou mete li sou vant. Li pa ta ka pran okenn pwakò li sou pye li, menm lè li te gen laj nèf (9) mwa, pandan frè marasa li t ap mache bòkote mèb yo nan salon nou. Pedyat nou te rekòmande nou ba yon pedyat konpòtman devlopman ak sèvis Entèkansyon Bonè. Matt te kòmanse terapi fizik la lè li te gen laj nèf (9) mwa. Li te fè premye pa li lè li te gen laj kenz (15) mwa. Li ka pa bezwen tretman ankò nan dezyèm anivèsè nesans li.

*Mike ak Terry S.*

### 10-12 Mwa

Christopher te fèt senk (5) semèn anvan lè, epi li te rete nan lopital de (2) semèn anvan li te vini lakay. Pandan premye ane lavi li, nou te kòmanse remake li pa t itilize men dwat li souvan jan li te itilize men gòch li. Lè li te kòmanse rale pou kanpe, janm dwat li te rete dèyè. Lè li te kanpe li te apiye sou bò gòch la, epi li te trennen janm dwat la lè li t ap mande bòkote mèb yo. Lè li te gen onz (11) mwa, pedyat nou an te preskri terapi fizik ak ègoterapi pou li. Kounye a, nan laj twazan, Christopher mache.

*Bob ak Sue D.*

## Sa Chak Paran Ta Dwe Konnen

**Dosye inik** Pathways.org pèmèt ou swiv devlopman fizik ak pwononsyasyon pitit ou. Sonje pou **kwè nan ensten ou**. Ou konnen pitit ou pi byen. Si ou panse tibebe ou ap devlope nan yon ritm diferan, chèche èd. Tout timoun **kapab** aprann. **Deteksyon bonè se PI BON prekosyon an.**

## Enfòmasyon sou Pathways

Misyon Pathways.org, depi ane 1985, se pou ankouraje ak avanse mouvman tibebe ak timoun, devlopman sans ak kominikasyon pou tout paran ak founisè swen sante yo. Pathways Medical Roundtable enpòtan nan reyalize misyon nou nan direksyon ki estratejik epi ki bay sipò.

**Pathways.org se yon òganizasyon non-komèsyal dapre 501(c)(3)**



Mesaj sa a jwenn sipò American Academy of Pediatrics (Akademi Pedyatrik Ameriken), National Association of Pediatric Nurse Practitioners (Asosyasyon Nasyonan Pratisyen Enfimye Pedyatrik), American College of Osteopathic Pediatricians (Kolèj Pedyat Osteopatik) ak Seksyon Pedyatrik American Physical Therapy Association (Asosyasyon Terapi Fizik Ameriken).

KOPI GRATIS, PA CHANJE ANYEN, DWE REKONÈT DWADOTÈ PATHWAYS.ORG. ©Dwadotè 2011

## Tabwonn Medikal Pathways

### Ko-Prezidan yo

H. Garry Gardner, M.D., FAAP

John F. Sarwark, M.D., FAAP, FAACPDM, FAAOS

### Komite

Suzann K. Campbell, P.T., PhD, FAPTA, FAACPDM

Deborah Gaebler-Spira, M.D., FAAP, FAACPDM

Terri Gartenberg, PhD, CCC-SLP

Gay Girolami, P.T., PhD, FAACPDM

Clare Giuffrida, PhD, OTR/L, FAOTA

Karen R. Judy, M.D.

Amy Becker Manion PhD, RN, CPNP

Michael E. Msall, M.D., FAAP, FAACPDM

Michael N. Nelson, PhD

Russell G. Robertson, M.D.

Diane Fritts Ryan, OTR/L

Lori Walsh, M.D.

Rosemary White-Traut, PhD, RN, FAAN

Nina Aliprandi, M.A., Parent

Margaret C. Daley

Shirley Welsh Ryan

# Pathways

.org

Ou gen kesyon?

Tanpri rele nimewo gratis "repons pou paran", oswa voye imèl ban nou. N ap voye ba ou plis enfòmasyon, epi n ap rekòmande ou ba espesyalis terapi ki nan zòn ou.

**1-800-955-CHILD (2445)**

**TTY 800-326-8154**

**Imèl: friends@pathways.org**

**www.pathways.org**



# Asire Devlopman Fizik Tibebe Ou

# Pathways

.org

Pathways.org se yon òganizasyon non-komèsyal dapre 501(c)(3)



## Deteksyon Bonè se Pi Bon Prekosyon!

### Lide Enpòtan pou Paran yo:

Konsève yon **kanè** pou enkyetid ak obsèvasyon ou yo.

Revize **tablo sa a**, epi tcheke siy ou wè nan tibebe ou.\*\*

Fè doktè oswa pwofesyonèl swen sante pitit ou konnen **enkyetid ou yo**, tablo sa a ak kanè ou.

*\*\*Pa gen pwoblèm pou koche kaz nan toulède domèn "Devlopman Ekstrawòdinè" ak "Siy pou Siveye yo."*

**Pathways**.org

Pathways.org se yon òganizasyon non-komèsyal dapre 501(c)(3)

## Devlopman Pawòl Ekstrawòdinè\*

Nan 3 Mwa

- Tibebe a souse ak vale byen lè l ap manje
- Tibebe a rete trankil epi li souri lè li tande son oswa vwa
- Tibebe a woukoule oswa pale yon fason ki diferan ak lè l ap kriye
- Tibebe a vire tèt li nan direksyon kote li tande son

Nan 6 Mwa

- Tibebe a kòmanse itilize son konsòn nan pale sou lang, egzanp, "dada"
- Tibebe a pale sou lang pou li jwenn atansyon
- Tibebe a kòmanse manje sereyal ak manje kraze

Nan 9 Mwa

- Tibebe a ogmante kalite son yo ak melanj silab nan pale sou lang
- Gade objè ak moun li abitye lè ou site yo
- Tibebe a kòmanse manje aliman bebe ak manje tab ki kraze

Nan 12 Mwa

- Tibebe a itilize "mama" oswa "dada" kòrèkteman
- Tibebe a reponn kòmman ki senp, pa egzanp, "vini isit"
- Tibebe a ap fè seri long charabya (pawòl jagon) nan kominikasyon sosyal
- Tibebe a kòmanse itilize yon tas ki louvri

Nan 15 Mwa

- Vokabilè gen ladan 5-10 mo
- Tibebe a imite nouvo mo li mwen abitye avèk yo
- Tibebe a konprann 50 mo
- Tibebe a ogmante varyete manje kraze sou tab yon fason gwosye

## Devlopman Pawòl Ekstrawòdinè\*

*Pandan tibebe a kouche sou do...*

- Swiv avèk zye li yon mouvman jwèt ant yon kote ak yon lòt
- Tibebe a eseye rive nan yon jwèt hochè ki anlè pwatrin li
- Tibebe a kite tèt li nan mitan pou siveye figi moun oswa jwèt yo

- Tibebe a rive nan yon jwèt ki toupre pandan li sou vant li

*Pandan tibebe a kouche sou do...*

- Li transfere yon jwèt ant yon men ak yon lòt men
- Mete toulède men yo pou jwe avèk pye yo

- Sou yon chèz ki wo, li kenbe ak bwè nan yon bibwon
- Li gade epi egzamine yon objè avèk toulède men li
- Li vire plizyè paj yon gwo liv (an katon) alafwa
- Nan jwèt senp, li imite lòt yo

- Li manje avèk dwèt li poukont li
- Li lage objè nan yon respinyan ki gen yon gwo bouch
- Li itilize dwèt pous li ak dwèt endèks li pou pran ti objè

- Li anpile de (2) objè oswa blòk
- Li bay èd lè y ap dezabiye li
- Li kenbe yon tas, epi li bwè ladan

## Devlopman Fizik Ekstrawòdinè\*



*Pandan tibebe a kouche sou vant...*

- Li fè pouchòp sou bra
- Li leve ak kite tèt li anlè



- Tibebe a itilize men li pou sipòte tèt li pandan li chita
- Li woule sou vant
- Pandan li kanpe avèk sipò, li aksepte tout pwa-kò li ak janm li



- Tibebe a chita epi li pran jwèt san li pa tonbe
- Li bouje sou vant oswa sou do pou li chita
- Li ranpe sou men ak jenou avèk lòt mouvman sou bra ak janm



- Li kanpe epi li pase nan mitan mèb yo
- Li kanpe poukont li, epi li fè plizyè pa endepandan



- Li mache poukont li epi li tonbe raman
- Li akoupi pou pran jwèt

## Siy pou Siveye nan Devlopman Fizik\*



- Difikilte pou leve tèt
- Janm rèd avèk ti mouvman oswa san mouvman



- Li pouse avèk tèt li
- Li kenbe men li fèmèn, epi li pa fè ase mouvman bra




- Li vire dèyè
- Li pa kapab leve tèt li
- Move kontwòl tèt



- Difikilte pou mete bra li devan pou pran objè
- Li kanbre ak redi janm li



- Bra pase dèyè
- Janm rèd



- Tibebe a itilize yon men yon fason dominan
- Li vire dèyè
- Move itilizasyon bra lè li chita



- Difikilte pou rale
- Li itilize sèlman yon bò kò li pou deplase



- Difikilte pou drese do li
- Li pa kapab kanpe sou janm li



- Difikilte pou kanpe akòz janm li ki rèd ak zòtèy li ki pwenti
- Itilize bra yo sèlman pou leve pou kanpe



- Chita avèk pwa-kò li nan yon bò
- Pliye bwa li nèst oswa detire bra li yon fason rèd
- Li bezwen itilize men li pou rete chita



- Li pa kapab fè pa poukont li
- Move ekilib pandan li kanpe, li tonbe souvan
- Li mache sou zòtèy

\*Sonje pou korije laj pitit ou pou prematirite.